



Pou Piblikasyon Imedya: 31/08/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE APLIKASYON POU VIN YON OFISYE ETA NEW YORK

Aksè pou fè tès la elaji pa nouvo pwosesis anliy lan

Yo te lanse pwogram sansibilizasyon pou rekritman ki reimajine a pou ogmante divèsite

Kandida yo ka aprann kijan pou vin yon Ofisyè Eta New York epi enskri pou pase egzamen an [Isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke aplikasyon yo ouvri kounye a pou pwochen Egzamen Antre Ofisyè Polis Eta New York. Egzamen an, k ap fèt soti janvye rive avril 2022, ap fèt anliy nan sant tès ki otorize yo pou premye fwa nan listwa Polis Eta a, yon pati nan efò pou rann egzamen an pi aksesib pou piblik jeneral la. Anplis, Lapolis Eta a te lanse yon pwogram sansibilizasyon ki reimajine ki fèt pou ogmante kantite minorite ak fanm k ap sèvi nan ran yo.

Kandida yo ka aprann kijan pou vin yon Ofisyè Eta New York epi enskri pou pase egzamen an nan joinstatepolice.ny.gov.

"Tradisyon fyète pou sèvis piblik Lapolis Eta New York la remonte a plis pase yon syèk, epi n ap ouvri aplikasyon pou vin fè pati youn nan elit ajans fòs lòd yo nan peyi a," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Li enpòtan anpil ke ofisyè nou yo reflète kiyès nou ye antanke yon eta, epi se poutèt sa n ap rive jwenn tout kominote yo pou jwenn fiti lidè Lapolis Eta a. Nou ankouraje tout moun k ap chèche fè yon diferans pou konsidere yon karyè antanke yon Ofisyè Eta New York."

Lapolis Eta a te fè kontra ak Pearson VUE pou ofri Egzamen Antre Ofisyè a nan 54 sant tès nan Eta New York, plis pase 250 lokal nan Etazini, ak nan 112 lokal militè atravè mond lan. Kandida yo ap kapab chwazi ki kote pou yo pran egzamen an. Nan tan pase yo, egzamen an se te yon tès ekri epi yo te mande kandida yo pou pran li nan yon kote, dat ak lè presi. Kandida ki enterese sèvi nan militè yo te oblije pran konje epi vwayaje nan Eta New York pou pase egzamen an nan youn nan dat ki deziyen yo. Nouvo pwosesis anliy lan pi adapte epi pi aksesib pou kandida ki enterese yo. Kandida yo gen yon total dezèdtan pou konplete egzamen an. Genyen yon frè 20 dola pou pase egzamen an ak yon frè 35 dola siplemantè ke kandida a dwe peye lè li chwazi yon sit, dat ak lè pou fè tès la.

Sipè-entandan Lapolis Eta a, Kevin P. Bruen, te deklare, "Lapolis Eta New York gen yon repitasyon ak tradisyon ekselans. Pou kenbe epi sipòte repitasyon sa, nou bezwen atire gwoup kandida ki pi talansye epi ki divèsifye posib. Yon Ofisye eta vle di ede moun epi pou w yon fòs pou lajistis. Nou ankouraje chak moun k ap chèche yon karyè ki gratifyan epi pasyonan pou enskri pou egzamen an."

Anplis nouvo egzamen an, Lapolis Eta a te refè pwogram rekritman li a pou atenn plis kandida fanm ak minorite posib. Efò sa te enkli rankont ak lidè nan kominote ki mwens reprezante nan fòs aplikasyon lalwa yo, avèk objektif pou konstui relasyon alontèm. Lapolis Eta a te kreye tou ekip rekritman nan chak twoup pou fè rezo nan evènman ak nan katye yo. Ajans lan ap itilize rezo sosyo ak lòt mwayen tou pou enfòme piblik la sou egzamen an ak benefis yon karyè nan Lapolis Eta a.

Kounye a, Lapolis Eta New York genyen apeprè 4,640 manm ki asèmante. Apeprè 6 pousan nan yo se Ispanik, 4 pousan se Nwa, 1 pousan se Azyatik oswa Moun Zile Pasifik, alòske 11 pousan nan total fòs la se fanm.

Yon gid etid pou egzamen an disponib nan lyen sa:

<https://joinstatepolice.ny.gov/system/files/documents/2021/08/study-guide-practice-test-for-the-nysp-trooper-examination.pdf>

Kalifikasyon pou Egzamen an:

- Sitwayen Ameriken
- 20-29 an (Laj maksimòm nan ka pwolonje pou yon lane pou chak ane sèvis militè aktif a tan konplè - jiska 7 ane maksimòm)
- Diplòm lekòl segondè oswa ekivalan

Gen lòt kalifikasyon ki obligatwa nan moman randevou an. Ou ka jwenn sa yo isit la: <https://joinstatepolice.ny.gov/appointment-qualifications>

Salè ak Benefis:

- Salè kòmansman: 58,443 dola
- Apre yon lane: 82,677 dola
- Benefis ak retrèt konplè

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)